



Jwenn Kosyon nan Tribinal Imigrasyon

Kisa yon kosyon imigrasyon ye?

Yon kosyon se yon kantite lajan ou peye ICE pou yo ka lage ou nan detansyon imigrasyon. Montan kosyon an bay pou garanti ke w ap prezante nan tribinal pou tout odyans Tribinal Imigrasyon ou yo alavni. Si ou pa parèt nan tribinal lè yo mande w la, ou pap jwenn lajan w lan anretou.

Konbyen yon kosyon ye?

Daprè lalwa, kantite ki pi ba pou yon kosyon se 1,500 dola. Pa gen limit maksimòm. Pifò kosyon jij yo bay kounye a pou tande ka nan Tribinal Imigrasyon Chelmsford la koute ant 3,500 ak 20,000 dola, men yo kapab pi wo oswa pi ba pase sa. Si yo ba ou kosyon nan Massachusetts, men ou pa kapab peye li, ou kapab jwenn asistans atravè yon òganizasyon charitab ki rele BIJAN. Fanmi ou kapab rele nan 617-396-7143 pou mande asistans apre yo fin ba ou kosyon an.

Kijan pou mwen mande yon kosyon?

- Kounye a, ICE ak Tribinal Imigrasyon an pran pozisyon ke pifò moun sijè a detansyon obligatwaman. Sa vle di ICE ak Tribinal Imigrasyon an kwè ke pifò moun ki nan detansyon ICE pa kalifyepou jwenn kosyon. Règleman aktyèl sa a aplike pou prèske tout moun sof si ou te antre Ozetazini ak yon viza oswa ou genyen yon kat rezidans pèmanan.
- Si ou pa t' antre Ozetazini ak yon viza oswa ou pa genyen yon kat rezidans pèmanan, ou gendwa bezwen depoze yon "habeas corpus petition" [petisyon habeas corpus] nan tribinal federal la anvan ou kapab jwenn yon odyans kosyon nan Tribinal Imigrasyon an. Nan petisyon habeas corpus ou a, ou ta dwe mande yon odyans kosyon. Si tribinal federal la apwouve petisyon an, jij federal la pral bay lòd pou Tribinal Imigrasyon an fè yon odyans kosyon pou ka ou a. Pafwa, tribinal federal la bay lòd pou yo lage moun yo san pa gen yon odyans kosyon.
- Menm si tribinal la deside ke ou "kalifye" pou yon odyans kosyon, sa pa vle di ke yo pral otomatikman ba ou kosyon nan odyans lan - ou toujou bezwen genyen ka kosyon ou a.
- Yon odyans kosyon diferan de "removal proceedings" [pwosedi depòtasyon] kote jij la ap deside si ou gen dwa pou jwenn pwoteksyon imigrasyon legal oswa si yo ta dwe retire ou nan Etazini.
- **Pa mande kosyon jiskaske ou gen tout enfòmasyon oswa prèw ou bezwen pou konvenk jij la ba ou kosyon. Nòmalman, ou sèlman jwenn yon sèl odyans kosyon.**
- Si ou te deja genyen yon odyans kosyon pandan ou te nan detansyon ICE yon lòt kote (oswa isit la), ou pap jwenn yon nouvo odyans kosyon nan Tribinal Imigrasyon an sof si gen yon bagay ki chanje nan rezon ki fè yo te refize kosyon ou an. (Pa egzanp, si yo te refize kosyon ou akòz akizasyon kriminel ki te toujou ouvè, ou kapab jwenn yon nouvo odyans kosyon si yo anile akizasyon yo.)

Èske m' bezwen yon avoka pou ede m'?

- Non, ou pa bezwen yon avoka pou depoze yon petisyon habeas corpus oswa pou mande kosyon, epi tribinal la pap bay yon avoka pou ou. Men, sa pral ede dosye w la anpil si ou genyen yon avoka. Nou vrèman rekòmande

pou ou eseye jwenn yon avoka anvan ou eseye jwenn kosyon poukont ou.

- Gen diferan òganizasyon nan New England ki kapab bay yon **avoka gratis** pou dosye habeas ak kosyon. Ou kapab kontakte
 - Pwojè PAIR (617-362-3660) (pou moun ki nan detansyon nan Massachusetts ak Rhode Island)
 - BIJAN (617-396-7143) (pou rezidan Massachusetts)
 - MACI (508-505-4588) (pou rezidan Massachusetts)
- Si ou poko kapab jwenn yon avoka anvan odyans kosyon ou devan jij la, ou kapab mande jij la plis tan (yo rele sa yon “continuance” [ekstansyon]). Jij la ta dwe ba ou plis tan pou pale avèk yon avoka. Si ou mande plis tan, jij la kapab di ou pou fè yon nouvo demann kosyon lè ou pare.
- Paske dosye imigrasyon (“removal proceedings” [pwosedi depòtasyon]) ou an separe ak demann kosyon ou an, jij la ap kontinye avanse ak dosye imigrasyon ou an pandan ou nan detansyon epi w ap chèche yon avoka pou kosyon an (oswa pou dosye imigrasyon ou an tou). Jij yo pap ba ou tan san limit. Sa vle di jij la kapab pran yon desizyon final sou dosye ou an - tankou bay yon lòd depòtasyon - menm si ou poko genyen yon odyans kosyon.

Kijan yon jij decide si l’ap ban mwen yon kosyon?

Jij la dwe reponn twa kesyon anvan li decide si l’ap ba ou kosyon an:

- Èske ou kalifyepou kosyon an?
 - Ou p’ap kalifye pou yon kosyon si yo te depòte ou deja oswa si ou genyen yon lòd depòtasyon final.
 - Gen kèk kondanasyon kriminel ki fè ou pa kalifye pou yon kosyon, tankou krim dwòg ak krim grav. ICE ap diskite pou si yo te akize w oswa kondane w pou yon krim ki gen rapò ak vòl, ou pap kalifye pou yon kosyon. Nan ka sa a, yo kenbe ou nan detansyon obligatwa. (Si detansyon ou vin dire twò lontan, ou kapab mande tribinal federal la pou bay Tribinal Imigrasyon an lòd pou fè yon odyans kosyon menm si ou anba detansyon obligatwa.)
 - Si ou pa kalifye pou kosyon, tribinal federal la kapab refize petisyon habeas corpus ou an tou.
- Èske ou reprezante yon danje pou piblik la? Jij la dwe decide si ICE pwouve avèk “evidans ki klè e konvenkan” ke ou se yon “danje pou kominote a” baze sou istwa kriminel ou. Jij la ap egzamine kondanasyon, arestasyon, ak dosye kriminel ki toujou ouvè, rapò lapolis, prèv ki montre ou chanje, ansanm ak nenpòt lòt prèv yo prezante. Si jij la kwè ou se yon danje, li pap ba ou kosyon.
- Èske ou se yon “risk pou sove”? Jij la dwe decide si ICE pwouve avèk yon “evidans majè” ke ou kapab kouri oswa disparèt. Si yo konsidere ke gen “risk pou sove,” sa vle di jij la kwè ou kapab disparèt epi pa vini nan odyans tribinal yo apre yo lage ou. Jij la pral konsidere tou si yo te akize ou pou rezistans kont arestasyon oswa kouri pou ICE oubyen lapolis. Pou pwouve ke ou p’ap sove, ou ta dwe bay prèv ki montre ou gen lyen ak kominote ou, ke ou kalifye pou pwoteksyon imigrasyon, epi ou te swiv enstriksyon ICE deja (pa egzanp, ou te prezante nan lòt odyans oswa ou te respekte kondisyon anrejistreman ICE yo). Sa kapab rasire jij la ke w ap vini nan tout pwochen odyans tribinal imigrasyon yo si yo lage ou nan detansyon.

Kijan pou m’ konvenk jij la pou li ban mwen yon kosyon?

- Nan Tribinal Imigrasyon Chelmsford lan, gouvènman an dwe konvenk jij la ke ou se yon danje oswa ou “riske pou sove” epi ou pa ta dwe jwenn kosyon. Yo rele sa “burden of proof” [chaj prèv], epi sa vle di nan odyans kosyon ou an, avoka gouvènman an pran lapawòl an premye pou eksplike jij la poukisa yo panse yo pa ta dwe lage ou sou kosyon. Gouvènman an pral kapab prezante evidans ki montre poukisa yo kwè ou ta dwe rete nan detansyon. Si ou genyen yon dosye kriminel, gouvènman an ka di ou se yon danje. Si non, yo kapab di ou ka sove epi ka pale sou akizasyon ki toujou ouvè, ak kantite tan ou pase Ozetazini, epi mank koneksyon ou genyenak kominote a.

- Ou pral bezwen bay jij la prèw pou reponn ak agiman ak evidans gouvènman an prezante yo.
 - Jij la ap bezwen prèw alekri nan men ou; pawòl ou sèlman p'ap sifi.
 - Ou ap bezwen yon “sponsò” ki genyen kat rezidans pèmanan oswa ki sitwayen ameriken. Moun sa a dwe bay yon lèt ki eksplike kijan li konnen ou ak ki kote ou pral rete lè yo lage ou. Ou ta dwe bay yon kopi pyès idantite sponsò a , prèw kote li rete (tankou kontra lwaye oswa bòdwo), ak fich pèman ki montre l'ap travay.
 - Si sa posib, bay kopi batistè oswa kat rezidans pèmanan manm fanmi yo ki Ozetazini.
 - Si sa posib, bay lèt sipò fanmi, zanmi, responsab legliz, oswa lòt moun nan kominote a ki konnen ou Ozetazini.
 - Si sa posib, bay yon lèt dènye anplwayè ou.
- Si sa posib, bay kontra lwaye ki genyen non ou oswa yon lèt nan men pwopriyetè kay ou.
 - Si ou genyen dosye kriminel, bay jij la prèw ki montre ou chanje epi ou pa yon danje. Pa egzanp, si yo te kondane ou pou yon OUI [kondui anba enfluyans alkòl] nan plizyè ane ki pase epi tribinal la te mande ou suiv kou sou kondui an sekirite, bay dosye ki montre ou te suiv kou yo.
- **Tout dokiman ou bay tribinal la pou dosye ou an dwe an Anglè oswa dwe genyen yon tradiksyon sètifye.**
- Li difisil pou ranmase prèw sa yo pandan ou nan detansyon. Manm fanmi oswa yon avoka kapab ede ou. Yon avoka kapab ede detèmine ki enfòmasyon ak prèw ki pi bon pou dosye ou an. Yon avoka kapab ede tradui dokiman kosyon ou yo tou.

Kisa k'ap pase si jij la ban mwen yon kosyon ki twòp kòb?

- Ou pa oblije peye kosyon an touswit. Men, pwosedi depòtasyon ou yo pandan ou nan detansyon pral kontinye jiskaske yo lage ou, kidonk w ap vle peye kosyon an epi soti pi vit posib.
 - Sonje byen, si yon moun ap menase ou oswa fanmi ou an echanj pou peye kosyon an, ou ta dwe kontakte yon avoka imigrasyon pou rapòte sa — li ilegal pou yon moun fòse ou oswa lòt moun travay oswa fè zak seksyèl pou peye kosyon an. Epi tou, fè atansyon ak magouy.
 - Gen anpil òganizasyon diferan Ozetazini ki kapab ede ou peye kosyon an si ou menm oswa fanmi ou pa kapab peye li. Ou menm oswa yon manm fanmi ou kapab jwenn yon lis òganizasyon diferan sou sit entènèt sa a : <https://www.communityjusticeexchange.org/en/immigration-directory>.
 - Nan Massachusetts, Beyond Bail & Legal Defense Fund [Fon Sipò pou Kosyon ak Defans Legal] (BIJAN) kapab ede ou peye kosyon an. Nimewo telefòn yo se 617-396-7143. Ou kapab rele yo pou mande asistans apre yo fin ba ou kosyon an.
 - Nenpòt moun ki sitwayen ameriken oswa ki genyen kat rezidans pèmanan kapab peye kosyon an pou ou nan yon biwo ICE Ozetazini. Yo ta dwe lage ou menm jou kosyon an peye a, si yo peye li nan maten.

Kisa k'ap pase si jij la pa ban mwen kosyon an?

- Si yo refize ba ou kosyon an, w ap rete nan detansyon jiskaske pwosedi Tribinal Imigrasyon ou yo fini. Sof si gen yon gwo chanjman nan sitiyasyon ou an, tankou yo retire akizasyon kriminel yo oswa yo anile yon kondanasyon, ou pap jwenn yon lòt odyans kosyon apre yon jij fin refize ba ou kosyon. Se poutèt sa li enpòtan pou ou byen prepare pou sèl odyans kosyon ou an.
- Ou kapab fè apèl kont desizyon jij la devan Board of Immigration Appeals [Komisyon Apèl Imigrasyon] (BIA) pa pi ta ke trant (30) jou apre desizyon sou kosyon an. BIA pral revize desizyon jij la epi deside swa chanje l' oswa dakò ak desizyon jij la. Si ou vle depoze petisyon devan BIA, jij la ap ba ou fòm ak enstriksyon yo. W ap rete nan detansyon pandan y'ap pran desizyon sou petisyon an. Tanpri sonje li pa komen pou BIA pa dakò ak desizyon Jij Imigrasyon an, si Jij Imigrasyon an te refize kosyon an.

Kisa k'ap pase ak dosye mwen apre yo lage mwen sou kosyon?

- Apre yo lage ou sou kosyon, ou dwe imedyatman fè Tribinal Imigrasyon an konnen nouvo adrès ou. ICE pa pral

fè sa pou ou. Ou dwe ranpli yon EOIR-33 Change of Address form [fòm chanjman adrès] devan tribinal la. Ou dwe bay gouvènman an yon kopi fòm chanjman adrès la tou.

- Apre ou chanje adrès ou ak tribinal la, tribinal la pral retire dosye ou nan lis dosye detansyon yo epi mete li nan lis dosye moun ki pa nan detansyon yo. Yo ap repwograme pwochen odyans tribinal ou an. Ou dwe pran anpil prekosyon pou pa rate okenn odyans tribinal. Ou kapab verifye dat pwochen odyans ou an lè ou rele nimewo sa a

: 1-800-898-7180 oswa lè ou verifye estati dosye ou sou entènèt: <https://acis.eoir.justice.gov/en/>.

- Si ou demenaje ale yon lòt kote, ou pral bezwen mande tribinal la transfere dosye w la nan Tribinal Imigrasyon ki pi pre nouvo adrès ou a. Tribinal la p'ap transfere dosye w la otomatikman. Ou dwe depoze yon "motion to change venue" [demann pou chanje tribinal]. Dokiman yo ki kapab ede w transfere dosye w la nan yon nouvo tribinal vini ansanm ak pake sa a.

Èske m'ap jwenn lajan kosyon anretou?

- Si ou ale nan tout odyans tribinal ou yo epi ou suiv tout lòd Jij Imigrasyon an oswa ICE bay, tankou kite peyi a si sa nesèsè, lajan kosyon an ap retounen bay moun ki te peye li a lè dosye ou a fini. Men, ICE kapab kenbe lajan kosyon an si ou pa ale nan tribinal oswa si ou pa suiv tout lòd yo.

Sonje

- Yon odyans kosyon diferan de yon odyans depòtasyon. Si ou vle genyen yon odyans kosyon, ou dwe mande youn. Ou kapab fè sa alekri oswa lè ou mande jij la pandan ou gen randevou nan tribinal. Ou genyen yon sèl odyans kosyon, kidonk vini prepare avèk prèv.
- Se pa tout moun k'ap jwenn kosyon an. Lwa imigrasyon di gen kèk moun ki pa gen dwa jwenn kosyon, kidonk jij la p'ap menm pèmèt yon odyans. Menm si ou genyen yon odyans, jij imigrasyon an ka deside pou yo pa lage ou epi refize kosyon ou.
- Kèlkeswa sa ki rive ak demann kosyon ou an, dosye imigrasyon w lan ap kontinye kit ou nan detansyon oswa ou lage sou kosyon.
- Dosye imigrasyon ou an separe ak nenpòt dosye kriminel ou genyen kounye a, ou ka genyen alavni, oswa ou te genyen nan tan pase. Se yon tribinal diferan avèk jij diferan ak avoka diferan. Jwenn liberasyon sou kosyon nan tribinal kriminel pa vle di w ap jwenn kosyon nan tribinal imigrasyon. Nenpòt lajan yo peye pou kosyon kriminel ou a pa ale sou kosyon imigrasyon ou a.
- Ou pa oblije genyen yon avoka, men genyen yon avoka ap ede ou gen plis chans reyisi nan dosye ou an.

Dokiman sa a soti nan The PAIR Project. Li adapte apati yon dokiman The Advocates for Human Rights te prepare nan Minneapolis, Minnesota. Li pa ranplase konsèy legal. Me 2026.